

# Pwoteje pitit ou yo. Fè yo pran vaksen grip yo chak ane.

# Grip la: Yon Gid pou Paran yo

<b>Èske grip la pi grav pou timoun?</b>	Tibebe ak jèn timoun yo gen plis risk pou yo vin malad grav ak grip la. Se poutèt sa Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health) rekòmande pou tout timoun ki gen 6 mwa oswa plis pran vaksen kont grip la.
<b>Vaksen kont grip la kapab sove lavi pitit ou.</b>	Pifò moun ki gen grip la malad pou yon semèn, epi apresa yo santi yo pi byen. Men, gen kèk moun, espesyalman jèn timoun, fanm ansent, moun aje, ak moun ki gen pwoblèm sante kwonik yo malad anpil. Kèk nan yo ka menm mouri. Yon vaksen chak ane se pi bon fason pou pwoteje pitit ou kont grip la. Yo rekòmande vaksen an pou tout moun 6 mwa ak pi gran chak ane.
<b>Kisa grip la ye?</b>	Grip la, oswa influenza, se yon enfeksyon nan nen, gòj, ak poumon. Grip la simaye lè yon moun pase li bay yon lòt.
<b>Ki moun ki bezwen vaksen kont grip la?</b>	<ul style="list-style-type: none"><li>Yo kapab bay timoun ki gen 6 mwa oswa plis vaksen kont grip la.</li><li>Timoun ki gen mwens pase 9 lane ki resevwa vaksen pou premye fwa bezwen de (2) dòz.</li></ul>
<b>Ki lòt bagay mwen ka fè pou pwoteje pitit mwen?</b>	<ul style="list-style-type: none"><li>Pran vaksen kont grip la pou tèt ou.</li><li>Ankouraje moun ki gen kontak pwòch ak pitit ou pou pran vaksen kont grip la tou. Sa enpòtan anpil si pitit ou a gen pi piti pase 5 lane, oswa si li gen yon pwoblèm sante kwonik tankou opresyon (maladi respiratwa) oswa dyabèt (nivo sik nan san li wo). Paske timoun ki pokò gen 6 mwa yo pa ka pran vaksen, yo konte sou moun ki bò kote yo pou yo pran vaksen kont grip chak ane a.</li><li>Lave men ou souvan epi kouvri bouch ou lè w ap touse ak etènye. Li pi bon pou sèvi ak yon mouchwa papye epi jete li byen vit. Si ou pa gen yon papye sèvyèt, touse oswa etènye nan manch chemiz ou, pa nan men ou. Sa a ap anpeche mikwòb yo simaye.</li><li>Di pitit ou yo pou yo:<ul style="list-style-type: none"><li>Rete lwen moun ki malad;</li><li>Netwaye men yo souvan;</li><li>Kenbe men yo lwen figi yo; epi</li><li>Kouvri bouch yo lè y ap touse oswa etènye pou pwoteje lòt moun.</li></ul></li></ul>
<b>Kisa ki sentòm grip la?</b>	Grip la vini sanzatann. Pifò moun ki gen grip la santi yo fatige anpil epi yo gen yon gwo lafyèv, tèt fè mal, tous sèk, gòj fè mal, nen koule oswa bouche, ak misk fè mal. Gen kèk moun, sitou timoun, ki ka gen pwoblèm nan vant ak dyare tou. Tous la ka dire de (2) oswa plis semèn.



<b>Ki jan grip la simaye?</b>	Jeneralman moun ki gen grip la touse, etènye, epi yo gen nen yo k ap koule. Ti gout ki soti nan nen oswa bouch yo lè yo touse, etènye oswa gen nen koule gen viris grip la ladan. Lòt moun ka pran grip la lè yo respire nan ti gout sa yo oswa lè yo antre nan nen yo oswa bouch yo.
<b>Konbyen tan yon moun malad ka simaye grip la bay lòt moun?</b>	Pifò granmoun ki an sante ka simaye grip la depi yon jou avan yo vin malad la jiska 5 jou apre yo te malad la. Peryòd sa a kapab dire plis tan pou timoun ak moun kò yo pa ka konbat maladi byen (moun sistèm defans o pi fèb).
<b>Kisa mwen ta dwe itilize pou netwaye men?</b>	Lave men ptit ou yo avèk savon ak dlo. Pran kantite tan li pran pou chante "Jwayez Anivèsè" de (2) fwa pou lave men yo. Si nou pa gen savon ak dlo, sèvi ak yon dezenfektan men. Yo te dwe fwote li nan men yo jiskaske men yo sèk.
<b>Kisa mwen ka fè si ptit mwen an malad?</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Asire w ptit ou a repoze anpil epi li bwè anpil likid.</li> <li>Pale avèk pwofesyonèl swen sante ptit ou avan ou bay ptit ou medikaman san preskripsyon.</li> <li>Pa janm bay ptit ou oswa adolesan ou aspirin, oswa medikaman ki gen aspirin ladan. Li ka lakòz gwo pwoblèm.</li> <li>Rele pwofesyonèl swen sante ptit ou a si ptit ou devlope sentòm grip la epi li gen pi piti pase 5 lane oswa li gen yon pwoblèm sante kwonik tankou opresyon, dyabèt, oswa maladi kè oswa poumon.</li> <li>Si maladi ptit ou a ap fè ou enkyete, rele pwofesyonèl swen sante ou.</li> </ul>
<b>Èske ptit mwen an ka ale lekòl oswa nan gadri ak grip la?</b>	Non. Si ptit ou gen grip, li ta dwe rete lakay li pou l repoze. Sa ede evite li bay lòt timoun grip tou.
<b>Kilè ptit mwen an ka retounen lekòl oswa nan gadri apre li te gen grip la?</b>	Nou ta dwe mete timoun yo yon kote poukont yo nan kay la, lwen lòt moun. Epi tou yo te dwe rete lakay yo jiskaske yo pa gen fyèv memssi yo pa te itilize yon medikaman pou kontwole fyèv epi yo santi yo byen pandan 24 trè. Fè ptit ou sonje pou li kouvari bouch li lè l ap touse oswa etènye pou pwoteje lòt moun yo. Li t ap bon pou ou voye ptit ou lekòl ak mouchwa papye, ak yon dezenfektan pou netwaye men li, si yo pèmèt sa nan lekòl la.

**Pou jwenn plis enfòmasyon sou grip la, ale sou sitwèb [health.ny.gov/flu](http://health.ny.gov/flu)**

Oswa, [www.cdc.gov/flu](http://www.cdc.gov/flu)

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention)



*Swiv nou sou:*

**Department  
of Health**

Facebook/NYSDOH

Twitter/HealthNYgov